



# Community Charter School of Cambridge

## Aplikasyon pou Enskri nan Lotri pou Admisyon pou lane 2015-2016

CCSC ap resevwa aplikasyon pou elèv ki pral antre nan 6 yèm, 7yèm, 8yèm, oswa 9yèm ane nan sezon otòn 2015 la. Tout moun ki vle fè aplikasyon dwe rezidan Massachusetts nan dat y ap fè aplikasyon an.

### 3 etap fasil pou fè aplikasyon:

1. Ranpli fòmilè aplikasyon sa a
2. Mete avèk li yon prèv ki montre rezidans nan Massachusetts, tankou yon bòdwo pou gaz, pou kouran elektrik, oswa pou sèvis televizyon kable, oubyen yon kontra lwaye. Prèv rezidans lan dwe montre non paran oswa moun ki reponsab elèv la, ansanm avèk adrès kote elèv la rete.
3. Voye fòmilè aplikasyon an bay CCSC nan lapòs oswa nan faks:  
**245 Bent Street, Cambridge, MA 02141**  
**617-354-3624 (faks)**

### Atansyon silvouplè:

- Si fòmilè sa a pa lizib, oubyen si li manke nan enfòmasyon yo, oswa ou pa voye l avèk yon prèv rezidans, ou pa pral patisipe nan lotri a.
- Tanpri voye yon sèl aplikasyon pou chak elèv pou yon lane.
- Gade nan adrès [www.ccsccambridge.org/apply](http://www.ccsccambridge.org/apply) pou wè dat limit pou aplikasyon yo, ak enfòmasyon sou CCSC.
- Ou ka rele lekòl la nan nimewo 617-354-0047, oswa voye yon kourye elekonik nan adrès [info@ccscambridge.org](mailto:info@ccscambridge.org) si ou gen kesyon.

### Enfòmasyon sou Elèv la

Non Elèv la: \_\_\_\_\_ Dat nesans: \_\_\_\_\_  
*Prenon Dezyèm Prenon Siyati mm/jj/aaaa*

Non Lekòl li ye kounye a: \_\_\_\_\_ Èske li se: Gason Fi  
*Non Lekòl la Vil, Eta (Ansèkle youn)*

Klas li kounye a: 5 6 7 8 Aplikasyon pou klas: 6 7 8 9  
*(2014-2015) (Ansèkle youn) (2015-2016) (Ansèkle youn)*

### Enfòmasyon sou Frè ak Sè

Sa yo gade tankou frè ak sè, se timoun ki gen menm moun ki responsab yo, kit se paran yo, kit se moun ki responsab legal la. Timoun ki rete menm kote, san yo pa gen menm paran oswa menm responsab legal, pa konsidere tankou frè ak sè dapre règleman lotri sa a. Preferans pou frè ak sè nan enskripsyon an aplikab sèlman pou frè ak sè ki prale kounye a nan CCSC.

Frè ak sè ki nan CCSC kounye a (Non ak Klas y ap fè): \_\_\_\_\_

Frè ak sè k ap fè aplikasyon tou pou CCSC (Non ak Klas): \_\_\_\_\_

### Enfòmasyon sou Rezidans ak sou Paran / Responsab Legal Elèv

Adrès: \_\_\_\_\_  
*Non Ri a Nimewo Apatman Vil, Eta Kòd Rejyonnal*

Nimewo telefòn lakay: \_\_\_\_\_

Non Premye Paran oswa Responsab Legal la: \_\_\_\_\_ Kisa li ye pou elèv la: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn nan travay: \_\_\_\_\_ Telefòn selilè: \_\_\_\_\_ Adrès elektwonik: \_\_\_\_\_

Non Dezyèm Paran oswa Responsab Legal la: \_\_\_\_\_ Kisa li ye pou elèv la: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn nan travay: \_\_\_\_\_ Telefòn selilè: \_\_\_\_\_ Adrès elektwonik: \_\_\_\_\_

Mwen sètifye enfòmasyon sa yo vre ak egzat, epi m ap fè CCSC konnen si gen nenpòt chanjman nan enfòmasyon ki ekri nan fòmilè sa a.

Siyati Paran oswa Responsab Legal la: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

**(Dwe genyen yon prèv rezidans ki vini ansanm avèk aplikasyon sa a.)**

Community Charter School of Cambridge pa fè diskriminasyon pou kesyon ras, koulè, peyi yon moun soti, kwaysns li, si l se gason oubyen fi, gwoup etnik, oryantasyon seksyèl, idantite kòm gason oubyen fi, andikap mantal oubyen fizik, laj, zansèt, pèfòmans atletik, bezwen espesyal, nivo konesans nan lang angle oswa lang etranje, oubyen pèfòmans akademik.